



A Multi-Tiered
System of Supports

Enfomasyon pou Fanmi

Kisa yon Sistèm Sipò Milti Tyè ye?

MTSS se yon mo ki itilize pou dekri yon model lekòl ki baze sou evidans kap sèvi ak rezolisyon pwoblem baze sou ranseyman pou li entegre enstriksyon ak entèkansyon akademik ak konpotmantal. Enstriksyon ak entèkansyon entegre bay pou etidjan-yo nan nivo entansite varye dapre bezwen etidjan-yo genyen. Gòl-la se pou evite pwoblem e pou aji byen bonè pou etidjan-yo kapab genyen siksè.

Tyè III ap pale de entèkansyon ki bay pou etidjan dapre bezwen kapasite endividyel-yo.

Tyè I ap pale de enstriksyon diferansye wot kalite ke tout etidjan nan klas edikasyon jeneral ap resevwa.



Tyè II ap pale de entèkansyon ki bay pou yon ti group etidjan ki bezwen plis sipò ke sa yo resevwa nan Tyè I.

Sa ki rive Response to Intervention [Repons nan Entèkansyon] (RtI)?

Sistèm Sipò Milti Tyè (MTSS) se yon mo ki pi korek kap pale de yon sel grenn chapant kap bay etidjan-yo plizyè nivo varye sipò akademik ak konpotmantal dapre bezwen yo genyen.

- Mo RtI te itilize pou pale de yon chapant sipò milti tyè.
- RtI ap pale de 4^{yèm} etap pwosede planifikasyon/rezolisyon pwoblem/
- MTSS itilize pou fè pwomosyon langaj korek e koeran pou transmèt fason travay Laflorid/
- Lekòl-yo kapab chwazi pale de sistèm pa-yo tankou yon chapant RtI.
- Ranseyman pou Fanmi



*A Multi-Tiered
System of Supports*

Kisa mwen kapab atann ak MTSS?

- Miz a jou frekant konsènan pwogrè etidjan.
- Idantifikasyon byen bonè pou sousi akademik oubyen konpotmantal depi nan premye siy difikilte.
- Asistans pou pitit-ou kap ogmante oubyen diminye depandaman de bezwen li yo.
- Ranseyman e patisipasyon nan planifikasyon e nan zafè bay entèkansyon pou ede pitit-ou.
- Ranseyman konsènan ki jan pitit-ou ap travay ak entèkansyon ke yo bay li.

Kisa mwen fè si mwen panse ke pitit mwen genyen pwoblem?

- Pale ak pwofèsè pitit-ou.
- Revize e asiste ak devwa.
- Mande pou rapò siveyans pwogrè regilyèman.
- Selebre siksè pitit-ou. Aprann pi plis konsènan kirikilom, evalyasyon ak entèkansyon ki itilize nan lekòl pitit-ou.
- Patisipe nan konferans ak lot reyinyon konsènan pitit-ou.
- Si ou panse ke pitit-ou genyen yon andikap, ou gen dwa mande pou yon evalyasyon fèt. Ekip lekòl-la pral travay ansanm avèk ou sèvi ak pwosede rezolisyon pwoblem baze sou ranseyman e yap detèminen si yon evalyasyon nesèsè.

Ki jan mwen kapab patisipe nan MTSS?

Fanmi ap jwe yon wòl enpotan nan sipote sa ti moun yo ap aprann lekòl. Plis paran-yo ap patisipe nan aprantisaj etidjan-yo, plis etidjan-yo ap jwenn siksè. Poze kesyon pou aprann pi plis konsènan MTSS nan lekòl pitit-ou:

- Eske pitit mwen ap reyisi? Ki jan m'ap konnen? Si non, pou kisa e kisa mwen kapab fè diferaman?
- Si sa-a nesèsè, ki jan asistans siplemantè pral bay? Ki moun kap bay li? Konbyen fwa? Pou konbyen tan?
- Kisa mwen kapab fè pou patisipe nan rezolisyon pwoblem konsènan pitit mwen?
- Kisa mwen kapab fè pou ede ak entèkansyon pou pitit mwen lakay-la?
- Ki jan m'ap konnen ke entèkansyon-yo ap mache?

Ou kapab jwenn plis resous nan: <http://www.florida-rti.org/parentresources/index.htm>